Нобэ НэщIикIыж хьид махуэ лъапIэщ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ»

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№74 (23.732) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 15, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.su

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэмкIэ а Iэнатlэм пэрытхэм ЗЭРЕХЬУЭХЪУР

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэмкIэ.

Гумащlагъэр зи лъабжьэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэщlагъэр къыхэфхауэ фэ зэпымыууэ яужь фитщ цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, сымаджэ хъуахэр я узыфэм пэлъэщынымкIэ защIыводгъакъуэ. Фэ фи Iэщlагъэм фызэрыхуэIэкIуэлъакIуэм, псэкIэ фызэрыкъулейм, гулъытэ зэрыфхэлъым, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цIыхухэм защIэжьэкъуэну фызэрыхьэзырым я фIыгъэкIэ, сымаджэхэр гъащlэм лъэ быдэкIэ хоувэж, абы и гуфIэгъуэхэр щызу аргуэру зыхащlэж. ФIыщIэшхэу фхузощI хьэлэлу, фи къару фемыблэжу фызэрылажьэм папщIэ.

ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэжьыныр республикэм и унафэщIхэм къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ. Илъэс къэс хохъуэ Iэнатlэм и зэфIэкIым, иджырей технологиехэмрэ Iэмалыщlэхэмрэ къыщагъэсэбэпу хуожьэ, медицинэ дзIэпыкъуныгъэм и фIагъым хохъуэ, ар дэтхэнэ цIыхуми и чэзум игъуэтыным гулъытэ хуащI. Дэ адэкIи жыджэру яужь дитынущ узыншагъэр хъумэным зэманым къиГъэув къалэнхэм хуэкIуэу зегъэужьыным, а Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр зыхуей-зыхуэфIэкмкIэ къызэгъэпэщыным.

Узыншагъэ быдэ фиIэну, зэIуэпэщу фыпсэуну, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм яфI зыхэлъ Iуэхухэр лэжьыным екъулIныгъэщIэхэр къыщыфхьыну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащlам, я Iэщlагъэм фIы дыдэу зэрыхащIыкIымрэ ильэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Доценкэ Людмилэ Николай и пхъум - Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэмрэ я «ЩIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм анестезиологиемрэ реанимацэмкIэ и къудамэм и медсестра-анестезиологым

Iэщнокъуэ Зое Мэжид и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм «Республикэм и сабий клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет и Iуэхущlапlэм и дохутыррентгенологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Гаевэ Аленэ Азрэт и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Перинатальнэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и дохутыр нэхъыщхьэм

Къэбардэ Хьэ1ишэт Iэмырбий и пхъум - Бахьсэн муниципальнэ щIыналъэм и «Район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэу Зеикъуэ къуажэм дэтым къепхауэ лажьэ Ислъэмей къуажэ амбулаторэм и унафэщIым

Къуэжей Заурбэч Iумэтджэрий и къуэм - дохутыр-нейрохирургым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэм и клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм лъынтхуэхэм щеIэзэ и республикэ центрым и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м
№90-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий НэщIикIыж хьид махуэ лъапIэм урихьэлIэу цIыхухэм ЗЭРЕХЬУЭХЪУР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусылъмэн псоми си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу НэщIикIыж хьид махуэ лъапIэмкIэ. Рэмэзан мазэ лъапIэр зэрируихыр къэзыгъэлъагъуэ а махуэм икъукIэ купщlэшхуэ иIэщ, ар къэщlэрэщlэжьныгъэм пыщlа гуфIэгъуэхэм я лъабжьэщ, Iуэхуфlу нэхъыбэ лэжьыным, Iыхьлыхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэщIыным, яхуэгуэпэным ухуэзыгъэIуэщ.

Адрей дунейпсо динхэми хуэдэу, ислъамым ухурегъаджэ захуагъэмрэ гумащlагъэмрэ, цIыхухэм я дежкIэ лъапIэу щыт хабзэхэм пщIэ яхуэщIыным. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылъмэнхэм я дин Iуэхущlапlэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI лъэпкъхэр, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэр зэгурыIуэу зэдекIуэкIыным хуэгъэза лэжьыгъэм, апхуэдэуи республикэм щекIуэкI жылагъуэ, щэнхабзэ Iуэхухэм, егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ, жэуапэ мыхьэнэ зиIэ программэхэр гъащlэм хэпщlным жыджэру хэтщ. ШIэн къытехьэркъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусылъмэнхэр, ди адэжьмрэ ди адэшхуэжьмрэ къытхуагъэна уэсятхэм, псэкупсэ, тхыдэ щIэин къулейкэм яхуэпэжу, жылагъуэр зэкъуэувэным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ республикэм хъума щыхъуным дяпэкIи жыджэру зэрыхуэлэжьэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусылъмэнхэм, республикэм щIпсэу псоми сохъуэхъу узыншагъэ, насып, зэIуэпэщыгъэ яIэну.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

Говорухин Станислав хуощыгъуэ



«Урысей щэнхабзэм хэщIныгъэшхуэ игъэтащ. Дунейм ехьжащ Урысейм и цIыхубэ артист, кинорежиссёр, Къэрал Думэм Щэнхабзэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ, Урысейпсо цIыхубэ фронтым и штаб нэхъыщхьэм и тхьэмадэхэм ящыщ Говорухин Станислав.

Бгъэдалъ зэфIэкIышхуэмкIэ, и Iэщlагъэм зэрыхуэпэжмкIэ, къэралым и политикэ, жылагъуэ гъащlэм егупчуу зэрыхэтымкIэ Станислав Сергей и къуэм къэралым ис цIыху мелуанхэр къихьэхуащ. Абы игъэува фильмхэр ипэжыпIэкIэ цIыхубэм ятеухуат, езым гъащlэм хуиIэ гукъыдэжымрэ и граждан жыдэжрагъымкIэ щIэблэм я щапхъэ хъуат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я цIэкIэ, си щхьэкIэ сэ къыэбгъэдэкIыу куууэ абы сыхуощыгъуэ. Станислав Сергей и къуэм и фэеплъыр цIыхухэм зэи ящыгъупщанкъым», - итщ ди щIыналъэм и унафэщI КIуэкIуэ Юрий и телеграммэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Тхьэмокъуэ А.Ч. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Банк IэнатIэм зегъэужьыным харуушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр фIэщын **Тхьэмокъуэ Анатолий Чыланий и къуэм** - Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм и Илъэс 20-м нэсауэ и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ Iэпкъ банкым и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м
№88-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр» тенджызым тохьэ

Урысейм и дзэ-тенджызэ флотым хиубыдэ гупхэм яхэту Балтикэм техьащ ди республикэм и цIэр зезыхьэ кхъухь мыиныр. Абы зыхуигъэсэнущ бийм и псыщlагъэрыкIыу кхъухьхэр къэгъуэтынымрэ ахэр къутэнымрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр псыщlагъэрыкIыу кхъухьхэм ебэн Ка-27 вертолётхэм япыщlауэ щытынущ, апхуэдэу ар артиллериемкIэ нэщанэ еуэнущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрийрэ Медицинэ колледжым и унафэщI Пщыбий Светланэрэ.

Илъэс 85-рэ къыэзщIэзыцыбыдэ гъуэгуанэ

● ЩIэныгъэ

КъБКъУ-м и медицинэ колледжыр ди республикэм щыщIэрыIуэ еджапIэ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Мы махуэхэм университетым щагъэлъэпIащ колледжыр къызэрызэIуахрэ илъэс 85-рэ зэрырикъур. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм теухуа гуфIэгъуэ пшыхь щызэхэтащ Сокуров Александр и цIэр зэрихьэу КъБКъУ-м иIэ творческэ мастерскойм.

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ, Урысей Илпщэм я еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм халъытэ медицинэ колледжым и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну пшыхьым зыкъраГъэхъэлIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Хьубий Марат**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**, щIыналъэм и профсоюз зэгуэтхэм я федерацэм и пашэ **Амщокъуэ ФатIимэт**. Пшыхьым ираГъэблагъэахэм яхэтт республикэм и медицинэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырхэр, медицинэ щIэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр, илъэс зэмылIужьыгъуэхэм медколледжыр къэзыуха цIыху цIэрыIуэхэр, колледжым и еджакIуэхэр, студентхэр.

Пшыхьыр кхъыдзIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Аттаев Азнор. Къызэхуэсахэм маухэшхуэмкIэ ехъуэхъуа нэужь, абы Iэгуауэ иным щIэту утыкум къиригъэблагъащ медколледжым илъэс 20-м нэсауэ и унафэщI, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат **Пщыбий Светланэ**. Ар кIэщIу къытеувыIащ еджапIэм и тхыдэм.

- Гъуэгуанэ купщlафIэ къикIыащ ди медколледжым. Еджапlэ щхьэхуэу къальытэным иджыри куэд иIэу, 1925 гъэм, ПУГ-м лэжьэн щыщIидзащ фельдшер-акушер курсхэм. 1932 гъэм а къудамэр еджапIэ щхьэхуэ хъуащ икIи медицинэ техникум цIэр ираташ. 1995 гъэм ар хъуащ колледж, 1997 гъэм къыщыщIэдзауэ колледжыр КъБКъУ-м и къудамэхэм ящыщщ, - кхъыигъэщащ Пщыбийм. - Ди республикэм и медицинэ IэнатIэхэм щылажьэ IэщlагъэлIхэм я процент 90-м щIигъур ди колледжым и гъэсэнхэщ. Ди еджапIэращ щIэныгъэм япэ лъэбакъуэ щхьэучаир дохутыр цIэрыIуэхэу Тхьэзэплъыж ТIулэ, Щоджэнцlыкlу Еленэ, Къардэн Уэсмэн, Бер Мухьэдин, Абыдэ Мусэ, нэгъуэщI куэдми. Абыхэм я цIэхэр дыщэпскIэ итхащ еджапIэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм, ахэр дызэрыгушхуэщ, дызэрыпагэщ.

БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу медколледжым хэпщIыкIыу зиужьащ. Курс щыкIуу лэжьэн щIэзыдза еджапIэр иджы ящыщщ щIэныгъэ лъабжьэ быдэ зиIэ IэнатIэхэм, Iэщlагъэлl Iэзэхэмкlэ гушхуэ еджапIэхэм. 2007 гъэм колледжыр яхэхуащ УФ-м и ссуз нэхъыфIи 100-м. Абы къыхуагъэфэщащ «Европей фIагъ зиIэ егъэджэныгъэ щызэфIах» дыщэ медалыр, Пщыбий Светланэ ираташ «Директор нэхъыфI-2007» дамыгъэр. Абы щолажьэ компьютер IэнатIэ, и сайт щхьэхуи щIэжщ Интернетым. Егъэджэныгъэ купщlафIэм къыдэкIуэу, колледжым щокIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ини. Абы щеджэхэр илъэс зэкIэлъхьэужьхэм пашэ щыхъуащ «Студент гъатхэ» щIыналъэпсо фестивалым. Еджапlэм и гъэсэнхэм ящыщ куэд хэтщ псапащIэ Iуэхухэм, волонтёр зэщIэхъеенныгъэм.

ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьэ колледжым гуапэу ехъуэхъуащ КъБКъУ-м и ректор **Алътуд Юрий**.

- Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу ди университетым и къудамэ пашэхэм ящыщ медколледжым. Ди еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI Iуэхугъуэ куэдым жыджэру хэтщ колледжыр, хэтым къыщымынэу, увыпIэфIхэр дапщэщи зыIэрегъэхьэ, - жиIащ Алътудым. - Иджыблагъэ хъыбар гуапэ къэлуащ: КъБКъУ-р яхэхуащ УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIи 100-м. ШIэч хэмылъу, ар зи фIыгъэхэм ящыщщ нобэрей пшыхьыр зыхуэгъэза медколледжри. ЕхъулIэныгъэфIхэр, текIуэныгъэ инхэр дяпэкIи зыIэрыгъэхьэну, лъагапIэщIэхэм фынэсыну си гуапэщ.

Медколледжым и студентхэм къызэрагъэпэща концерт дахэкIэ пащащ гуфIэгъуэ пшыхьым. ХьэщIэхэм я гукъыдэжыр кIыIэтащ утыкум щыIуа уэрэдхэм, гушыIэхэм, щагъэлъэгъуа теплъэгъуэ хьэлэмэтэхэм, щагъэзэщIа кьафэхэм. Зэхуэсым и кIэухыу абы къежьэлIащ фэеплъ суратхэр зытрагъэхащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэралыр зыщыгуэгъ хъун щIэблэ

● Гъуэгу къежьапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджакIуэ 26-рэ хэтащ «Урысейм дрицыхущI» урысейпсо Iуэхум и щIыналъэ Iыхьэм. Абыхэм Урысей Федерацэм и цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэр, паспортыр, иджыблагъэ щратыжащ КъБР-м и Парламентым. Зэхьхьэм кърагъэблэгъат ныжьыщIэхэм я адэ-анэхэри егъэджакIуэхэри.

МЫХЬЭНЭ зиIэ Iуэхугъуэмкlэ щIалэгъуэлэм ехъуэхъуащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьыныр зэхыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис** сымэ.

- Нобэ къызэрыгуэкI махуэкъым, фи гъащlэм къывдзэгъуэгурыIуэну дэфтэр нэхъыщхьэ къыкфIэрохьэ. Фыкъызэралъхурэ фи щIыналъэм фыщыпсэуми, хабзэм къызэригъэувымкIэ, илъэс 14 фыхъуа иужькIэщ Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр къыщывитыр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Иджыпсту фи ныбжьыр мащIэми, спортымкIэ, жылагъуэ лэжьыгъэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи ехъулIэныгъэ зимыIэ къыкфхэткъым. Сыщогугъ фи зэфIэкIым адэкIи хэвгъэхъуэну, Хэкум фыхуэфащэу фыпсэуну. Иджырей цIыхум зэрызыхуэужьыну Iэмалхэр гъунапкъэншащ, щхьэж иIэ зэфIэкIым теухуауэ. Республикэм и къэкIуэнур куэдкIэ зэлъытар фэращ.

Егоровэ Татьянэ жиIащ: «Ди нэхъыжьхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэр зыхуэдэр нобэ ди дежкIэ нэрылъагъущ икIи дэ абы дрогушхуэ. Абыхэм я щапхъэр гъуазэ фхуэхъуу, Урысейм и къэкIуэнум хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыну цIыху къыфхэкIыну ди зэупсэлIэщ».

ЩIалэгъуалэм къабгъэдэкIыу Къалмыкъ Тамерланрэ Крыгинэ Надеждэрэ зэхьыбэр зэрыпсэлъэщIащхэм фIыщIэ хуащIащ. Паспортыр яIыгъыу еджакIуэхэр къэралым и гимным едэIуауэ, Урысейм и махуэр гъэлъэпIэныр къыззрежьам зыщагъэгъуэзащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

«Адыгэ псалъэр» унагъуэ псоми ирырелъ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2018 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ республикэм би анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкIыр икIи ар илъэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми. АбыкIэ арэзы къыддэхъуну ди гугъэщ адыгэу зыкъзэзыльытэж псори. Ди бзэкIэ унагъуэм дыщымыпсалъэмэ, адыгэ газет, журнал абы имылъмэ, ди щIэблэр, зэрыщыту лъэпкъыр куэдым хэнынущ. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ, ди щIэджыкIакIуэхэр фыкъыхуподуджэ я Iуэхум фепIэщIэкIыну - Iэ тедзэгъуэр мэкъуауэгъуэм и 25-м еух.

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Iуэхущlапlэхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэу нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжынущ. Унэм ныфхуахьынумэ «Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапщIэр **илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кIэлIейкIэ 48-рэ хъууэ араш, ар пощтым къыщыдыхьынумэ - абы сом 511-рэ кIэлIейкIэ 44-рэ хуоэз.**

Ди индексыр 51531

Урысей Федерацэ - Сауд Хьэрып - 5:0

Футболымкlэ XXI дунейпсо чемпионатыр къызэIуха хъуащ Урысей Федерацэм и футболистхэм я текIуэныгъэкIэ. Абыхэм 5:0-у хагъэщIащ Сауд Хьэрыпым и командэ къыхэкар.

Дунейпсо чемпионатым и пэщIэдзэ зэIущIэхэр зэреклIэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ. Зэкlэ фигу къыдогъэкIыж ар къызэрежьэрэ зэхьэзэхуэр здэщыIа щыпIэхэмрэ абыхэм текIуэныгъэр къыщызыхьахэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Футболымкlэ XXI дунейпсо чемпионатыр гуфIэгъуэ щыIыкIэм иту дыгъуэпшыхь Мэзкуу и «Лужники» стадионым къыщызэIуахащ. Абы и пэщIэдзэ зэIущIэм Урысей Федерацэм и футболист нэхъыфIхэр щыдэджэгуащ Сауд Хьэрыпым и гуп къыхэхам.

КЪЭРАЛ пщыкIутхум я лIыщхьэхэри яхэту цIыху мин 81-м нэблагъэ къриохьэлIэу екIуэкIа зэIущIэр хуабжьу удэзыхьэх хъуащ. Ар дунейм и щIыпIэ псоми телевизорэ интернеткIэ щагъэпъэгъуащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, псори зэхэту абы цIыху мелардым щIигъу еплъащ.

Дунейпсо чемпионатхэм щытекIуахэр

Илъэсыр	ЩекIуэкIа къэралыр	Чемпион хъуар
1930	Уругвай	Уругвай
1934	Италие	Италие
1938	Франдзыс	Италие
1950	Бразилие	Уругвай
1954	Швейцарие	ФРГ
1958	Швеции	Бразилие
1962	Чили	Бразилие
1966	Инджылыз	Инджылыз
1970	Мексикэ	Бразилие
1974	ФРГ	ФРГ
1978	Аргентинэ	Аргентинэ
1982	Испание	Италие
1986	Мексикэ	Аргентинэ
1990	Италие	ФРГ
1994	США	Бразилие
1998	Франдзыс	Франдзыс
2002	Японие/Корее	Бразилие
2006	Германие	Италие
2010	Африкэ Илпщ	Испание
2014	Бразилие	Германие
2018	Урысей Федерацэ	?

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм и гъуэгухэм я щытыкIэм топсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэхуэсым депутатхэр щыхэплъащ Іуэхугъуэ 30-м нэблагъэм. «Правительствэм и сыхьэтым» къриубыдэу ахэр тепсэлъыхьащ щIыналъэм и гъуэгухэм я щытыкIэм.

Къуныжь Вячеслав

КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, псэупIэкоммуналь, гъуэгу ІуэхухэмкIэ и министр **Къуныжь Вячеслав** зэрыжиIамкIэ, республикэм федеральнэ гъуэгуу кIуэцIрыкIыр проценти 4,2-рэ, щIыналъэ гъуэгухэр - процент 32,4-рэ, къуажэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэр - процент 63,3-рэ мэхъу. Министрым къыхигъэщащ автомобиль зрикIуэ гъуэгуу щIыналъэм щIэм арэзы укъэзыщIын фIагъ зиIэу яхэтыр процент 43,1-рэ фIэкIа зэрымыхъур. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ екIуалIэ гъуэгухэм, гъэм и зэманым емыльытагъэ, зэпымыууэ ущызекIуэ мэхъу, зэгугъуу яща гъуэгухэм пыщIащ.

Гъуэгухэр зехьэным 2017 гъэм том мелуан 1820,1-рэ хухахаяу щытащ, абы щыщу том мелуани 232,6-р федеральнэ мылькым къыхэкIащ, том мелуан 1587,5-р КъБР-м гъуэгухэр зехьэнымкIэ и щIыналъэ фондым щыщщ. Том мелуани 146,4-рэ зи уасэ лэжьыгъэ 2017 гъэм зэфIагъэкIащ гъуэгуущ ухуэнымрэ щыIэхэр зэгъэпэщIыжынымрэ теухуауэ.

Республикэм и гъуэгухэр зехьэнымкIи бюджет фондым и мылькуу том мелуан 694,1-рэ хухахащ а фондым и муниципальнэ къудамэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщыным. А фондым щыщахъшэмкIэ щIыпIэ самоуправленэхэм я пщэрыльхэр ягъэзащIэ, уэрамкэмрэ гъуэгухэмрэ зэIуэзэпэщIыным, транспорт Іэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным, гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ. А Іэхуэхэм апхуэдэу хохьэ гъуэгу кумбIэмбэхэр гъэсеижным, гъуэзэнэхуэхэр (светофорхэр) лэжьэныр, гъуэгубгъуэхэр гъэкъабзэныр, гъуэгу уэздыгъэхэр ягъэблэныр, гъуэгум уэшхыпс щызэтримыкъэнымкIэ щIэжьыпIэхэр гъэкъабзэныр, къэувыIэпIэхэмрэ лъэмыжхэмрэ зэIуэзэпэщ щIыныр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу Къуныжь Вячеслав тепсэлъыхьащ 2018 гъэм яухуэну, зэрагъэпэщыжыну я мурад щIыналъэ гъуэгухэм, жэуап иритащ депутатхэр зэщIэупщIахэм. Псалъэм папщIэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ ищIэну хуейт гъуэгухэр зэзыгъэпэщыж Іуэхущ Іапи Іэхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр дагъуэншэу щытын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэмрэ и кIэм нагъэса Іуэхум папщIэ щэсыпIэу къагъэув пIалъэм и кIыхьэгъымрэ. Министрым зэрыжиIамкIэ, гъуэгу кумбIэмбэхэр зэгъэпэщыжауэ зэрыщытыну пIалъэмкIэ щэсапIэ зыри ивэфIыкIыным, абы и щхьэусыгъуэр зыхильагъуэри гъуэгур зыхуей хуэгъэзэным хурикъун мылъку зэрыхухамыкIым кьыхэкIыу кумбхэр ягъэбыдэжыну фIэкIа Іэмал зэрамыIэрщ. Гъуэгу ухуэнымрэ зэгъэпэщыжьынымрэ елэжь Іуэхущ Іапи Іэхэм я лэжьыгъэм и фIагъым теухуауэ Къуныжьым жиIащ гъуэгум тралъхьэ асфальтыр илъэсиплI, и лъабжьэм щыщIалъхьэ пкъыгъуэхэр илъэситхукIэ тельын хуейуэ пIалъэ гъэбелджыла зэрыщIэр.

Депутатхэр щIэупщIащ Налшык къалэм и уэрамхэм машинэхэр щызэтримыхьэу щызекIуэнымкIэ министерствэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм, гъуэгу зэпыщIэныгъэхэр иджырей мардэхэм къеззгъыу къагъэщIэрэщIэжьынымкIэ щыIэ Іэмалхэм, къуршылъэ щIыпIэхэм щаухуэ гъуэгухэм ирахьэлIэ хъуну ухуэкIащIэхэм, Хьэсэней - Джэрпэджэж - Къэщкъэтау автомобиль гъуэгур зэгъэпэщыжьын зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

2017 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къьеха псыдзэм трихауэ щыта лъэмыжыр зэгъэпэщыжыныр зэрекIуэкIым теухуауэ упщIэм и жэуапу министрым жиIащ Щэджэмыпсым мы гъэм лъэмыжьыщIэ зэрытралъхьэжьынур.

ЗэIущIэм къыщIэта Іуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, чэнджэщ пыухыкIаХэр иратащ кэпсэлъам. Апхуэдэу Президиумым хэтхэр хэплъащ федеральнэ законэм я проект зыбжанэмрэ УФ-м и щIыналъэхэм щыщ депутатхэм зэрызыкъыхуагъэза Іуэхугъуэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.

● Іуащхьэмахуэ щIыналъэ

Псыхъуэхэр ягъэкъабзэ, Іуфэхэр ягъэбыдэ

КъБР-м Экологиемрэ щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министерствэр я щIэгъэкъуэну. 2017 гъэм и щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ техникэ зэгъэуIуагъэ зэпымыууэ йолажь Тырныауз къалэм и гъунэгъуу блэж Бахьсэн псым и Іуфэхэр гъэбыдэным, и жапIэхэр нэхъ куу щIыным. Мы зэманым гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащIри яуужь итри Герхожан пщэ Бахьсэн щыхэльэдджым деж щыIэ щIыпIэрщ.

БГЫХЭМ кърихьэх мывзхэмрэ ятIэхэмрэ къуэ бгъунжьым къыдэмызэрыхьыным хуэгъэзауэ, мыбдежым эксаватор гъэнэ 8-рэ машинэ хьэлъуэ 10-м нэблагъэрэ щолажьэ. Зэман гъунэгъум техникэм и бжыгъэм хагъэхъуэнущ. Псыхэр къыщиуну лъэхъэнэм ирихьэлIэу, щIыпIэр ягъэтэмащIэу, къехуэх-къыгъэщэтхэмрэ ятIэпсымрэ зэхэльэдджыпIэр Іуамыщ Іэн хуэдэу.

Апхуэдэу министерствэм и кIэм нигъэблэгъащ Бахьсэн нейтринэ обсерваторэм пэгъунэгъуу щыIэ псы ежэхыпIэр зи гугъу тщIы къэхъуькъащIэхэм ящыхьымэным хуэгъэза Іуэхугъэхэр. КъБР-м и Правительствэм абы хэм ятригъэкIуэдащ сом зы мелуан.

А псом къадэкIуэри, КъБР-м и Правительствэм мылъку щхьэхуэ хухихынущ (сом мелуан 1,5-рэ) Бахьсэн псым хихьэнкIэ хъуну жыг лъэхъущэ къыхэхыным, лъэмыж щIагъэхэр гъэкъабзэным, Іуфэхэр гъэбыдэным, нэгъуэщIхэми.

ТАРИМ Алисэ.

КъБР-м и ОМОН-р илъэс 25-рэ ирокъу

А Іуэхугъуэм теухуауэ дауэдапщэхэр щекIуэкIащ Налшык къалэ.

ОМОН-м и лэжьакIуэхэм ягъэзащIэ лэжьыгъэм и мыхьэнэм теухуауэ зэIуэщIэм къыщеджащ Урысей гвардием и спецназым и унафэщI генерал-майор Ершов Александр жиIэмрэ и хъуэхъу тхыгъэмрэ. ОМОН-м ихэтэм, абы и ветеранэхэм, хэкум и шынагъуэншагъэм илъэс куэдкIэ хуэлэжьахэм я унафэм щIэсхэми Ершовыр екъуэхъуащ узынщагъэ, насып яIэну.

- ОМОН-р къызэрыунэхурэ ди къалэн нэхъыщхьэр - ди щIыналъэм щыпсэухэр тхъумэнырщ. Ар, дауи, тыншкъым. ОМОН-м уэхтын папщIэ жэуаплныгъэ, тегушхуэ пхэлъу, къыпхуагъэува къалэным упэльэщу ущытын хуейщ, - къыхигъэщащ и псалъэм Урысей гвардием КъБР-м щиIэ управленэм и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ подполковник Хьэщ Іэмыз Заурбэч.

ЕхъулIэныгъэфIэкIмкIэ кьыхэща сэлэтхэр Урысей гвардием Кавказ-Ищхьэрэ округым щиIэ къудамэм и унафэщIым и саугъэтхэмкIэ ягъэльапIащ, атлетикэ хьэльэмкIэ ОМОНм щекIуэкIа зэпеуэм текIуэныгъэ къыщыщIэныкъэхэми щытхъу тхьилъхэр иратыжащ.

КЪАНЫКЪУЭ Дыгулыбгъу.

● Узыншагъэ

Иджырей мардэхэм тету къыззрагъэпэщынущ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапи Іэм хъыбар къыззрыдигъэщIамкIэ, Сабийжэр хъумэнымкIэ дунейпсо махуэм сабий сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьакIуэхэм щIыкIуэхэм махуэшхуэхэр кьыхуэзрагъэпэщащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Хъубий Марат щыIащ Налшык къалэ и сабий поликлиникэ №1-м икIи щIыкIуэхэм я махуэшхуэмкIэ екъуэхъури, саугъэтхэр ириташ.

Поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Хъэшэж Мадинэ тепсэлъыхьащ иужьрей илъэсым я Іуэхущ Іапи Іэм щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIныгъэхэм. Апхуэдэу Іэщ ІагъэлIэхэм папщIэ пэш зыбжанэ кьызэIуахащ икIи къекIуалIэхэм я Іуэхур щагъэпсынщIэн щхьэкIэ аехэр псори зы къатым щыIэжьынущ. Щхьэхуэ ящIащ хирургие къудамэри. Мы зэманым зэгъэпэщыжьынымкIэ лэжьыгъэр щIэкIуэкI дзэм, тхьэкIуэмэ, пэм, тэмакъым щIэпэ пэшхэм. Ахэр иджырей мардэхэм тету медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэным теухуауэ ягъэхъэзыр. Хирургие къудамэм сымаджэхэр махуэм кьыщIэнэфын хуэдэу гъуэльыпIэхэр щIагъэувэнущ.

ПIалъэ кьызыхэкI мыхъуну дзIэпыкъуныгъэр щыхуащIэ фельдшер Іэнатlэ кьызэрызэIуахынуми зыхуагъэхъэзыр. Анэхэм электрон Іэмалыр кьагъэсебэлу дохутырхэм я деж зрагъэтхыу зэрыхъуам кьыхэкIыу, чэзум зэрыхэт зэманыр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ. Дохутыр нэхъыщхьэм кьыхиГъэщащ я щIыналъэм зрагъэубгъуну, машинэ гъэувыпIэхэр кьызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

Хъубий Марат поликлиникэр къиплъыхьа нэужь, и гугъу ищIащ сабий Іуэхущ Іапи Іэхэр зыхуей хуэзэу кьызэгъэпэщынымкIэ щIыналъэхэм ильэсищым кьориубыдэу захъшэ кьызэрыхуаутIыпщынымэ ящыщщ сабий мин 34-м щIигъуи медицинэ дзIэпыкъуныгъэ щыхуащIэу Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-ри. Ди мурадщ диагностикэ, лабораторэ Іэмэлсымэхэр къэтщэхуну, тхьэкIуэмэм, пэм, тэмакъым щIэпэ пэшыр иджырей мардэхэм тету къызэдгъэпэщыну, - къыхигъэщащ министрым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Шокъумым щапхъэ трах

Мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэр Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэшхуэ щагъэлъапIэ Урысейм, Армением, Белоруссием, Къэзахстаным, Молдовэм, Украинэм.

АБЫ ИРИХЬЭЛIЭУ сыхуейт псалъэ гуапэкIэ захуэзгъэзэну Щэрэдж Ищхьэрэ къуажэм дэт амбулаторэм щылажьэхэм.

Узыр кьыщоIэм деж, зыхъэзыщIэм къыпхуимыщIа сыт щыIэ?! Сымаджэщым уекIуэлIамэ, псори я узым топсэлъыхьы, дэтхэнэри гулъытэ хуейщ. Абы щылажьэхэм махуэм апхуэдэ хъыбар куэд зэхах, куэдым ирохьэлIэ. Ар, дауи, тыншкъым.

И гугъу фхуэсщIыну сыхуейт и Іэщ Іагъэм хуэпэжу, ильэс хьауэ Щэрэдж Ищхьэрэ къуажэм дэт амбулаторэм медсестрауэ щылажьэ, псоми фIыуэ ялъагъу Шокъум (Нэщ Іэпыджэ) Риммэ. Ар Нарткъалэ дэт сымаджэщым ильэс 30-кIэ щылэжьащ, иужьрей ильэс 17-м кьуажэ амбулаторэм щыIэщ.

Шокъумыр сымаджэхэм зэрытегуэввыхьым, зэредэхащIэм, щабэу, Іэдэбу, Іэсэльасэу зэрабгъэдэтым щапхъэ требгъэхьну уасэ зимыIэщ. Риммэ и Іэр зэрыщабэм кьищынэмыщIауэ, и гур къабзэщ, и бзэр Іэфщ. Уеблэмэ, абы и цыхуфIагъым дигъэхъужащ жызыIэхэри мащIэкъым. Уи кьуажэ апхуэдэ цыхуу дэсыныр куэд и уасэщ. Аращи, кьуажэдэсхэр Риммэ дропагэ, нэгъэсэауэ цIыхущ жыхуаIэм хуэдэщ.

Пъэпкъыр, кьуажэр зыгъэдахэ, зыгъэбжьыфIэ, цIыхухэм декIуф, адыгагъэм, нэмысым, хабзэм я хъумакIуэ Шокъум Риммэ узынщагъэ, дэрэжэгъуэ, лъапIэныгъэ иIэу, цIыхухэр кьыхуэарэзыуэ, кьыхуэхъуахъуэу куэдрэ лэжьэну, и унагъуэ дахэм хэсыну, кьуажэмэи лъэпкъми тхуэпсэуну сохъэхъу.

КЪУЛЫШ Алёнэ.
Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэ

● Банк Іуэхухэр

Щхьэж хуэзэр щхьэхуэу зэхэхауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ижь лъэхъэнэм къаIэрыльэ щIадзащ ди щIыналъэм нэхъапэм щымыIа квитанцэр - коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я Іуэхэр зэрат документ закъуэр (ЕПД).

УАСЭХЭР зэрат документ закъуэм щызэхуэхьэсащ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэ зыбжанэм (газым, уэздыгъэм, псым, нэгъуэщIхэми) папщIэ цIыхум итыну кьыхуагъэувахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым Кьыщащкъ и центрым кьыIэрохьэ дэтхэнэми къигъэсебэпам хуэзар, ахэр зэхельхьэжри ЕПД-м иратхауэ зыкъуэфащэхэм Іэрегъэхьэж, щхьэж хуэзэр щхьэхуэу зэхэхауэ. Квитанцыр зыIэрыльам занщIэу елъагъу кьыхуафжар зыхуэдизымрэ дэтхэнэми папщIэ ахьшэу итынум и куэдагъымрэ. ЦIыхухэм я нэхъыбэм я деж кIэ псори зэрыщыту кьэнэжащ: Іуэхутхьэбзэ зыщIэжам я абонент пунктхэм макIуэри чэзум хэтщ, щIыпIэ зэмылIуэжьыгъуэхэм ахэр кьыщалъыхьуэрэ я зэманыр мэкIуэд.

«ХъэмпIэ банк» ПАО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым Кьыщабж и центрым дэщIыгъуу кьызэрыхауэ егъэзащIэ уасэхэр зэрат Іэмалыщ Іэр: ЕПД-кIэ ахьшэр етыныр. Сыт абы кьикIыр? Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр псынщIэу икIи тыншуептын папщIэ иджы узыхуейр квитанцым и щхьэм хуэзэу сэмэгумкIэ тетха бжыгъэ пщыкIуэ зэхэт абонентым и лицевой счётыр итхэныр. «Апхуэдэ Іэмалым и ефIэкIныгъэ кьыхэзрабж тхьилъ, квитанц, чек куэдыкIейм узэрыхэмытыжыр. Ахъшэр щепткIэ блэкIа мазэм кьыпхуащIа Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр кьэплъагъэунущ, хуей хъумэ, ахэр зэбгъэзэхуэжьыфынущ. КьыщыхэмыщIауэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ Хъуманпэ банкымкIэ уасэр щепткIэ газу, уэздыгъэу, псыуэ къэбгъэсебэпауэ кьызэрабж. Іэмэпсымэхэм кьыридзаэр Іуэхутхьэбзэ кьыпхуэзыщIэхэм хуебгъэхь зэрыхъунум. Ахъшэ зэратам теухуа хъыбар махуэ хьэс кьызэрабж центрым Іэрохьэ икIи цIыхухэм шэч кьыщIытрахьэн щыIэкъым ята уасэр и чэзум зейм зэрыIэрэхьэжмкIэ», - жеIэ Урысейм и Хъуманпэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хъэмидбий.

ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр епт хъунущ Хъуманпэ банкым и Іэмалхэм ящыщ зымкIэ «Сбербанк Онлайн» мобильнэ гъэдэзныр, «Щхьэзакъуэ кабинет»-р, банкым и къудамэхэр, «Автоплатёж»-р къэбгъэсэбэпу.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 15, *мэрем*

♦Жьыбгъэм и дунейпсо махуэщ

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) Москва нэсащ. Абы щыIэуащ и дзлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Алтыншаш, абы и щхьэгъусэ Бекбулат, а тIум я къуэ Саин-Булат сымэ.

♦1862 гъэм США-м щыщ Гатлинг Ричард япэу пулемёт къигупсысащ.

♦1954 гъэм УЕФА зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ.

♦1984 гъэм СССР-м щыкIуэбэ махуэшхуэу иджыри зы щагъэуващ - ЩIэныгъэхэм я махуэр.

♦Урыс усакIуэ, адыгэ бзылъхугъэм теухуа усэ тельыджи зи кьалэмыпэм къыпыкIа **Бальмонт Константин** къызэралъхурэ илъэси 151-рэ ирокъу.

♦Совет къэралым автомобиль къыщIэзэкIын Іэнатlэр щызэтезыуахэм ящыщ, СССР-м автомобиль транспортымрэ шоссе гъэзэгъэмкIэ и министру щыта **Лихачёв Иван** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦КПСС-м и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Андропов Юрий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Щэрджэс тхакIуэ **Туаршы Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Дагъыстэн Республикэм и унафэщIу щыта, Дагъыстэным и Къэрал Советым щыхь зиIэ и унафэщI **Магомедов Магомедали** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦НТВ телекомпанием и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, абы и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, цIыхухэм гъуэгу ящыхъу нэтын куэд езыгъэкIуэкIыу щыта журналист цIэрыIуэ **Киселёв Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Латвием и президент **Вейонис Раймондс** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м щыхь зиIэ и артисткэ **Ковальчук Анна** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 16, *щэбэт*

♦Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъхэу зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэнэр дэIыгъыным и дунейпсо махуэщ

♦Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ

♦ЮАР-м щагъэлъапIэ ЩIалэгъуалэм я махуэр

♦1822 гъэм Санкт-Петербург къыщызэIуахащ циркым папщIэ яуха япэ унэр.

♦1894 гъэм Пьер де Кубертен и жэрдэмкIэ зэхуашэсащ Олимп джэгуэр къэублэжьным унафэ тещIыхьыным теухуа конгресс.

♦1903 гъэм Форд Генри США-м къыщызэригъэпэщащ «Форд Мотор» автомобиль компаниер.

♦1921 гъэм Аджарие АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм тенджыз ФIыщIэ Іуфэм, Гуэруф щIыпIэм деж, къыщызэIуахащ «Артек» сабий лагерыр. ИужькIэ ар хъуащ Совет Союзым и пионерэм я зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэ.

♦1959 гъэм, зэрагъэпэщыжри, Москва къыщызэIуахыжащ СССР-м и ВДНХ-р - цIыхубэ хозяйствэм и ехъулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ унэр.

♦1963 гъэм ипи цIыхубэ-космонавт Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кхъуэным ису хьэрышм льэтащ.

♦1995 гъэм Дунейпсо олимп комитетым кьыхихащ 2002 гъэм щIымаруэ Олимп джэгуэр щагъэкIуэкIну щIыпIэр. Апхуэдэ пщIэр лъагъэсауэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити къалэм.

♦1996 гъэм Урысейм президент зэхьыныгъэхэр щекIуэкIащ, ауэ а махуэм зэхэкIатэкъым а къулыкъуэ зэритхьэ-хуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екIуэкIа етIуанэ Іыхьэм щызэпэщIэтащ Ельцин Борисрэ Зюганов Геннадийрэ. Іэ зыIэта псоми я процент 50-м щIигъуи я дзыхь ирагъэзри, Урысейм и Президенту хахащ Ельцин Борис.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦МэкъумэщI щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м щагъэлъапIэ Медицинэ лэжьакIуэм и махуэр

♦ЩIыр игъущыкIынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткIэягъэльапIэ 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ.

♦Армением щагъэлъапIэ Авиацэм и махуэр

♦1565 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэ Москва кIуащ.

♦1885 гъэм Нью-Йорк кхъухкIэ нэсащ США-р зэрыгушхуэ фэеплъ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ, а къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэ Хуитныигъэм и статуер. Ар америкэ революцэр илъэсищэ щIрикъум франджыхэм а къэралым тыгъэ хуащIауэ щытащ.

♦1930 гъэм япэ трактору кьыщыщIагъэкIащ Сталинград дэт заводым.

♦1940 гъэм Горьковскэ областым хьихьэ Мещеры кьуажэм «дыжьын уэшх» къыщекIуэт. XVI-XVII пIащIгъуэхэм зекIуа дыжьынахъшэ жыг-гьей миным нэблагъэ уэшхым кьрилъэсхат.

♦1940 гъэм советыдзэхэр Латвием-рэ Эстониемрэ ирашащ.

♦1955 гъэм япэу узгум ихьащ цIыхухэр кьызэрырашэкI Ту-104 кхъухьлъатэ лъэщыр.

♦1961 гъэм Налшык экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр кьыщызэIуахащ.

♦Совет усакIуэ, драматург, Лениным и щIыхькIэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр зрата **Светлов Михаил** (и унэцIэ дыдэр **Шейнкманц**) къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Мысырым щыщ дипломат, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Мохаммед эль-Барадеи** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиIэ и артист. «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэ щыта **КIэш Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэнфэрэ зыхуагъэфэща **Захаровэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIокIу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 18, *блыщхьэ*

♦Азербайджаным щагъэлъапIэ цIыхум и хуитныигъэзэм я махуэр

♦1761 гъэм Урысей империем унафэ кьыщащтащ къэралым кьулыкъу хуэзэщIахэм пенсэ яхуэзэувыным теухуауэ.

♦1815 гъэм Инджылызымрэ Пруссиемрэ я дзэхэм Бонапарт Наполеон и армэр Ватерлоо къалэ цIыкIум деж щызэтракъутащ.

♦1889 гъэм США-м щыщ Ричардсон Уильям къигупсысащ сабийжэр къызэзрашэкI гуцIыкIу.

♦1936 гъэм дунейм ехьажащ сует ткачIэ, драматург, жылагъуэ лэжьакIуэ **Горький Максим**.

♦1946 гъэм Италиер республикэ хъуащ.

♦1955 гъэм «Юность» журналым и япэ номерыр кьыдэкIащ.

♦1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ къыщызэIуахащ.

♦1960 гъэм дунейм кьытехьащ тхьэмахуэм зэ кьыдэкI «За рубежом» журналым и япэ номерыр.

♦1974 гъэм дунейм ехьажащ дззэешэ цIэрыIуэ, хэрал лэжьакIуэ, Совет Союзым и маршал **Жуков Георгий**.

♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, къэрал академическэ Театр ЦIыкIум 1988 гъэ лъандэрэ и художественнэ унафэщI **Соломин Юрий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ I-живописец **Индрис Залымхан** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦1949 гъэм къалъхуащ **Качиньский** зэкъуэш зэгIолъхуэныкъуэхэу **Лехрэ** (Польшэм и президенту щытащ, 2010 гъэм мэпыжьыжьым и 10-м Смоленск пэмыжьыжьэу кхъухьлъатэ къыщыщIэхуэхам хэкIуэдахэм ящыщщ) Ярославрэ (Польшэм и премьер-министру щытащ).

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, уэрэджыIакIуэ, нэтынхэр езыгъэкIуэкI **Галкин Максим** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх мащIэ кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩIакхъуэм къудейщ хужмыIэ.

Бахъсэн район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм, Зеикъуэ къуажэ администрацэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хъыбар фагъащIэ КъБР-м щыхь зиIэ и егъэджакIуэ, къуажэ школым илъэс 54-кIэ щезыгъэджа физик Іэзэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн Жыраслъэн** и къуэр дунейм зэрехьажар икIи абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ

Хьэтхэр

Тхыдэ роман

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №N№68, 69, 72, 73-хэм итщ).

ЛIЭЩIЫГЪУЭЖЬХЭМ къыззранэкIа хабзэм тету, пщэдджыжьым ягъэсыжащ Мывэтlалэ и хьэдэр. Етlуанэ махуэм, нэху зэрыщу, бзылъхъужьхэр хьэдэгъэс щIыпIэм щыззэхэсащ, пщышхуэм и къупщхьэхэр зэхуахьэсыжьыну. Зы жащ-махуэкIэ мыужьыхьыжу иса мафIэм иджыри Iугъуэ мащIэ къыхихурт. Мывэтlалэ зэрысымаджэр ищIэми, зэшззэпIэу къытехуэу яхэкIыжьыну игугъатэхьэм Гуащэлей. ТIэкIу сымэджамэ, пIэрыхэнэу щIытамэ, нэхъ есэжьыну хъунт и щхьэгъусэр мыгувэу зэрыIэщIэкIыну гупсысэм. Гуащэм зиIыгъыну хэтт, ауэ кIэуцIкIэ гуIэрт, ныкъуакъуэрти, къызэфIэщэтэным зымащIэ тIэкIу иIэжу, ерагъыу зиIыгъыу арат. Абы игъэльагъуэ хъунутэкъым и лъэр зэрыщIэхуар, къаруунэ зэрыхъуар. Шэтэнду абы иригуфIэну мыхъумэ, зыкIи и жагъуэ хъунутэкъым. Армырми и Iутlыж махуэт абы.

Бзылъхугъэхэм мафIэр ягъэункIыфащ, махъсымэ кхъуэщынипщ, санэплъ кхъущыщынипщ, псы кхъущыщынипщ тракIэри. Абы иужькIэ дыжьын пэрыIэмбэкIэ дапым кхъащыпIыкIажащ къупщхьэлъапщхьэ исар. КъыкIэлъыкIуэу утыку кхърахьащ дыжьын кхъущыкIыу, дагъэ къабзэ ину. Гуащэлей и нэпсыр хэуубыдакъым и щхьэгъусэм и хьэдэ къупщхьэхэр а дагъэм халъхьэу щилъагъуми. Къупщхьэхэр дагъэм кхыхахьижщ, хьэщан къабзэм кIуэцIалъхьэри, пщым и щыгъыныфI къагъэхьэзырам и гущыIым тралъхьажащ. Утыкум кхъагъэува телъхьэпIэм телът, уей-уей жезыгъэ щыта пащтыхь лъэрызехьэм кхыхэнэжа мащIэр.

Абы ирихьэлIэу унэIутхэм щIакхъуэ пщыкIутI кхыIуахэри, хьэдэгъэс щIыпIэм ихъуреягъкIэ кхъагъэтIылъэкIащ, абыхэм я гущIыуми дэлэн зыриз тралъхьэжащ. Гуащэлей гу лъитакъым пщафIэхэм Iэнэ кIыхьышхуэ къагъэуву, щIакъуэрэ псыра куэду кхъэрытралъхьэжам, едзэкъэгъэр кхъэзрысам. Абы и нэр тедият шэнтым телъ хьэдан зэкIуэцIылъым. И фIэщ хуэгъэхъуэтэкъым и дыгъэ нэхум и нэ нащхъуитIым зэи зэрыщIэмыплъэжьнур, и Iэ щабэр и нэкIум кхъэзрыдимылъэжьнур, и цIэмкIэ гуапэу кхъэзремыджэжьнур.

Гуащэлей кхъыщхъур и гур Мывэтlалэ дэувIыауэ, мылIэмыпсэууэ дуней кIыфIым тегъуэщыхьауэ.

Бзылъхугъэхэр мащIэу едзакъэу, щэрыщэ псы тефыхьыжа нэужь, утыкум кхъихащ тхъэгурымагъуэ фызыжьыр. Абы и ныбжьыр кхьипхуэбжьынтэкъым, езы дыдэми ищIэжьртэкъым. Ауэ, зэрыжиIэмкIэ, пщы зыбжанэм тебжэжакIэт ар, зы тетыгъуэтэкъым, тетыгъуитIтэкъым и нэгу щIэкIар. ЦIыху куэд хьэдрыхэ гъэзэгу тригъэувэжат абы, езыр ажалым щыгъупщжауэ и Iуэху кхъэзримыхуэхэм. Фызыжьым и тхыр апхуэдизкIэ кхъдэшати, иджыпсту джэлэнчуг жьпIэу уигъэгъазэрт, щIивэным хуэдэу, лъэпэрапэрейт.

Тхьэгурымагъуэм и щхьэц къетхъуха зэщIэблаблэр и лъэгуажьэм кхытеуэжу кIыхьти, абы кхьихэплъу здэкIуэр зэрилъагъур кхьыбгурыIуэртэкъым. ЗдэкIуэм и закъуэ?! ЦIыхум иргу лъащIэм щIэупщIыуэм нэгъунэ зиIыгъэпщIыуэм нэплъысырт абы и нэр. Уеблэмэ и нэр зэтепIауи и щIакъуэ баш щыжьыр Iэщ1эмыльпIы, псэуфынут фызыжьыр, мы дунеижьыр зэщIипщытыкIауэ ицIыхурти. «Иужьгъуауэ пIэрэ абы гъащIэр?! Сыт хуэдэ ныбжьым деж упсэун ущрикъур, куэдщ ар жьпIэу, хьэдрыхэм узэрыхуэхьэзырыр кхъыщыбгурыIуэр... Хуэхъэзыру пIэрэт си Мывэтlалэ?» - егупсысыт гуащэр.

Хьэдэ къупщхьэр зытелъым и хъуреягъкIэ тэлайрэ къеуджэкIащ тхьэгурымагъуэр, зыгуэрхэр къибжуэ, тхьэхэм захуигъаззу и Iитlыр уафэм дригъэзейуэ. Фызыжьым и кIалэнэщ и кIэм щынэсым ирихьэлIэу, уардэунэм хъархури, цIыхухъуэм танитIрэ мэл пщыкIуийрэ я кIуIащ, Тхьэдыгъэм и цIэкIэ, лIам и псэм папщIэ. АпщIондэку, нэхъапэIуэкIэ яуху кхъэлэгъунэм хьэдэ къупщхьэр ирилъхьэри, зэбгрыкIыжащ.

Гуащэлей и пэшым нэсыжа нэужь и кIэзэекъэхэмрэ унэIутхэмрэ щигъэкIри, ешу Iурихьэу гъащI. Махуит1 хъуауэ зызымыгъэпсэхуа гуащэр жей куум зэщIиубыдащ.

Пшагъуэ Iув гъэрым хэт хуэдэт гуащэр, здэкIуэри щIэкIуэри кхьхуэмыщIэу. Абы ихъуреягъкIэ макъ шынагъуэхэр кхъщIыуэт. Зэм жьынду къаджэу, зэм джэду пщIэуэу, зэми блэр щIэфиеу, зэми шыр щыщу... Хэтми кхьхуэмыщIэу, пшагъуэм иримыгъэлъагъуу, псэущхьэми цIыхуми кхъигурымIуэу, зыгуэр блэщIэфтырт. Гуащэм щтауэ зигъэкIэрахьэрт, кхъэхур кхьгурымыIуэу. Ауэрэ, пэмыжьжьэу зыгуэр кхьпэуваурэ, щэху уэздыгъэ Iэщ1элъу къежьэу кхьщIыхуэ абы. Нэхъ Гъунэгъу хъумэ - Шэтэнду щыту арат, и нитIыр кхьилындыкIыу. Асыхьэту цIыхубз фIыцIэр Гуащэлей кхъжьэхэлъэу зыкхьащIэщIым, кхъарръ фIыцIиблу зэпкърыщэщIри, бзэхыжащ.

Абы хэту гуащэр, хъащтэри, къэущащ. ПщIыхьым кхъикIыр кхыгурымыIуэщами, илъэгъуар зэхуигъэзэхъужу тэлайкIэ щысащ ар. ИтIанэ, кхъщыпIэтри, щIэжащ. Гуащэр здэкIуэр кхъзыгурымыIуэ и кIэзэекъэжр лъэщIэмыхьэу кIэлъыжэрт. Гуащэлей зыгуэрхэр кхиIуащэщу, и щхьэ хуэпсэлъэжу пырхъуэм ирижащ. ТIэшуб игъэщеикIауэ щысу, Шэтэнду щэнтым тесу кхьбгъурысу, зэIуащащэу ирихьэлIащ, гуащэм бжэр Iуиуду щыщIэлъадэм.

- Сыт ди пщым епщIар?! - щхьэщыпIэдзащ ар, зимыгъэхьеиуэ щыс и тIуанэм.

- Зи гугъу пщIыр кхъзгурыIуэркъым, - и нэ удзыфэ пIащитIыр игъэупIэрапIэу кхелпащ абы Шэтэнду.

ТIущIри и нэщхър зэхэлъу кхъзэфIэтIысхьащ.

- Пщым епщIар сыт жысIащ?! - цIыхубзым зигъэхьеймэ зридзыну и Iэр шхэрт гуащэм.

- Сыт езбгъэщIэнур?! Пщыр сымаджэти лIащ, сэ си Iэхуу сыт абы хэлъыр? - кхыгурымыIуэ зещI.

- Сэ сощIэ... Сэ псори сощIэ. Уэраш ар зи ягъэр. Мывэтlалэ яужь дыдэ уэращ хуэзар. Пщы лэгъунэм укъыщIэкIыжри, куэд дэмыкIыу лIауэ къагъуэтыжащ. Уэращ зыуклар.Ебгъэшха хъунщ щхъухь зыхэпщIэхэм ящыщ гуэр, - кIийрт Гуащэлей.

Тlэшуб и щхьэр игъэкIэрахьэуу щыст.

- Куэдщ! Щыгъэт, - хкъуэзауэ жиIащ Шэтэнду.

- Сыт кэудщ жьхэпIэр? Пщым е пщы унагъуэм щыщым лей епхауэ, илъ бгъэжауэ ар зыми кхъзэрыхъэмыгъур пщыгъупщэжа си гугъэщ. Жэуапым уесшэлIэнущ, зэгъащIэ. Уи хъэдащхьэ ягъуэтыжьнукъым, щIалъхьжьжи кхьпхэнэжьнукъым уэ удыпI! - и нитIым хъуасклэр кхьщIихьирт гуащэм.

- ЖыIэри умыщIэжу узэкIуэкIа си гугъэщ, - кхьщыдыхьэшхащ абы Шэтэнду.

- Къэгъанэ, Шэтэнду. Сэ узмыщIыхумэ, зыми укъицIыхуркъым уэ. Сощ1э, пщым фIыуэ уэкхъэзримыIьагъум щхьэкIэ узэгуэуду щытащ. Си пIэм уитыну ущIэхъуэпсу нобэм укъэсащ. А псом ищIыужькIэ, уи къуэм пащтыхьыгъуэр щыIэщIакIым, зыкъэзыэзэпхи, бгъэлIауэ раращ. Тэдж, сэ сыщыпсалъэкIэ! - зэщIэкIэзызэрт гуащэр.

- Пэжщ, сынохьуапсэрт. Пащтыхьым фIыкIуэ укъиIьагъуртэ, уэр нэмыщI нэгъуэщI зыми хуейтэкъыми. Угуащэти. Ауэ уэрэ сэрэ зэи зэщхь дыхьунукъым. ПщIэрэ сыт щхьэкIэми? Сэ тажнанэ сыхьауащи! Уэ зэи бгъэнэжунукъым ар зищIысыр, пщым кхъэ кхьыхуэпIъуфрэкъыми, уи гуащэгъуэр ирахащи, - ар кхъэзфIэувэри, гуащэлей жьэхэкIуэтащ, зэрыарэзыр и нэгум кхърихыу, гуфIэу.

- Напэнэш! - жиIэу, Гуащэлей зыкхъыщишэщым, Тlэшуб кхьщIылъэтащ:

- Гуащэлей! - джэрпэджэжу щIыбымкIэ кхъыщIыуу. - Мыбдеж сьэзэрыщIэсым гу лъыпта си гугъэжьыI.

Гуащэм зыкхъыщIэкри, и Iэр ирихьэхьжащ.

- Зыщумыгъэгъупщэ, гуащэ, Iэ зыхуэпIэтыр си тажнанэщ, си сыпащтыхьыщ нобэ щыщIэдзауэ. Жэуапым ирашэлIэн хуейIами, ар уэращ, - теплъэкIэ и анэм ещхь щIалэщIэр иджы теплъаджэу, гущыкIыгъуэу, бзаджэ наджэу зыкъыхьхьэрт Гуащэлей.

- Сыту псыщIэу пщыгъупщэ уи адэр. Ууей! - и щхьэр игъэсысырт гуащэм.

- Сыт схуилэжьар си адэр сщымыгъупщэн хуэдэу? Си анэр зэрымыгугъэм щхьэкIэ Iупэм сызэрищIара сщыгъупщэн хуеяр? Хьэмэрэ уи сщIэмыт хуэдэ, сэ пащтыхьыгъуэр схуэмыфащэ нэхъей, зи Iуэху хэмыпхьыхэм иритыну зэрыхэтара? - и нитIыр кхьижурэ, зэм гъыным хуэдэу зыкъызэщIищIэрт, зэми пыдыхьэшхьыкIыу кхъэвыжьыр щIалэр.

- Уэ уи псалъэкъым ар... Уи анэм жиIауэ зэхэпхахэр жьпIэжу аращ, армыхъумэ пщыкъуэр апхуэдизу псалъэркъым! - пащтыхьыгъуэр кхъызыхуэнам еплъ жьхуиIэу зэпиплъыхьащ и пащхьэ кхьпльэда щIыкIейр.

- Сэ сыпщыкъуэкъым, уэ угуащэкъым, цIыхубз. Сэ сыпщщ, уэ ухэт? - санэплъым чэфынэ ищIам хуэдэу и напIэр кхригъэлIыхри, и напщIэр хишащ TIэшуб.

Зэригугъам нэхърэ нэхъ бзаджэу, нэхъ цIыху Iейуэ кхьщIэкIат Шэтэнду. ГурыIуэгъуэт иджы TIэшуб зэщхьхъуари, щIалхуэмыгъэсари. И анэм и пIэр текIуауэ кхьщIэкIынут. Гуащэлей и щхьэр игъэкIэрахьуэри, зэанззэкъуэм ябидзыжьын имыIэу, кхьщIэкIыжащ.

Зэанззэкъуэр кхъзэхуэнащи:

- Иджы, си кхъуэ, Хьэтсилэ лъэныкъуэ егъэзэн хуейщ. Абы зыри хищIыкIыркъым Мывэтlалэ и унафэм. СызэригугъэмкIэ, ар зэран кхьытхуэзхъунукъым, хьэрэмагъ игу илъкъым абы. Чэнджэщэгъу ухуеймэ, къэралыгъуэм лIы Iущ куэд исщ, пэжу кхьыббгъэдэтыну хьэзыфIхуэу, - арэзыуэ пыгуфIыкIри, и кхъуэм хуеплъэкIащ Шэтэнду.

- Вындышнэ дзыхь хуэпщI хъуну? - и Iэр и щыбым щызэрдзэщ, и щхьэр бгъынж ищIри, и нэ ижуэу кхьеплъащ и анэм пщыр.

- Нобэр кхъыздэсым зэ кхъзэпщIыжакъым ар. ПщIэи щхьэи щыдимыIэм утыку дыкъринакъым, дяпэкIи кхытхуэпэжу кхьтхуэлэжьну сыщогугъ си щхьэкIэ.

- Си анэшым дзыхь яхуэзмыщIмэ, хэт хуэсщIын! Си адэшыр кхысхуеихэжьым. Ерэхъу, Вындэшынэ си дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу щрет, - Iэнэм тет кхъуэщыкIмкIэ Iэбащ пщыр, санэплъ кхъригъэхъуэну.

Гуащэлей ищIэрт уардэунэр ибгынэн зэрыхуейр, и тетыгъуэми, и псалъэми, и къаруми бжьыпэикIыгъуэ кхъызэрыхуэкIуар. Ауэ апхуэдэ дыдэу гуащIэу, напэтехыу кхыхущIидзын и гугъаксым кIэуыр. БлэкIар, кхыгъащIар и нэгу кхъщIигъэхьэжрэ, нетIэ напIэзыпIэ кхъщыхуэ пырхъуэ кIыхьышхуэм кхърикIуэжырт ар, и лъэр ильэфу, хуэм дыдэу.

- Сумирэ, тхьэгурымагъуэ фызыжьым кхыскуэзшэ, - жиIэри, и лэгъунэм щIыхьэжащ гуащэр.

ИкIэщIыпIэкIэ кхагъэса фызыжьым зимыгъэхьейуэ, и щхьэр ехьэхауэ пэшым и кум итт. Гуащэлей абы щыщынэрт, и щIыфэр тхытхыу. Арами, и гурбамПIэр зыхуиIуэтэн гуэр хуэныкъуэри, тхьэгурымагъуэм жриIэмэ нэхъ къищтащ.

- Ныжэбэ... Ныжэбэ пщIыхь шынагъуэ си гугъу щIэкIащ, - кхыдришеящ ерагъыу гуащэм.

- Апхуэдэуи шынагъуэ зыхукъым ар, гуащэ. Уигъэшнащи ар аращ шынагъуэ кхыщIыпщIыхьр, - жиIащ тхьэгурымагъуэм, и щхьэр кхъызэримыIэтым хуэдэу.

- СщIэркъым. Си къарур зэи мыкIуэщIын си гугъэу сыкъэгъуэгурыкIуащ. Иджы си лъэр щIэхуащи, ал1ъандэрэ гу лъытэну сызыхуэмея гурыщхьуэхэр си ужь кхиубааэу, сыкхрахуэкI.

- ЖьIэт плъэгъуар, си гуащэ лъапIэ...

Гуащэлей и пщIыхьыр фызыжьым хуиIуэта ноужьщ тхьэгурымагъуэр и нэр къиIэту кхыщIщIэплъар.

- Сыт абы къикIыр? - ешауэ, гъащIэр зыфIэмыIэфIыжьым хуэдэу хэщэтыкIащ гуащэр.

- Гъащ1эм псори зэхуигъэхъужынущ, гуащэ, умыгузавэ. ЩхьэжжI илэжьам пэкIуэжьын хьэдрыхи игъуэтыжынущ.

- Ара къипхар си пщIыхьым? - и гур зэрызэщыуар и нэгум кхъищыт цIыхубзым.

- Хьэуэ. Ар щIыжьыслэр умыгузавэу, псори зэрыщIытым хуэдэу кхъбгъанэу, уи пIэ уитIыжьжьхэм щхьэкIэм. УмыбамПIэ, ауэ ар зэпиплъыхьащ и пащхьэ кхьпльэда щIыкIейр.

- Сэ сыпщыкъуэкъым, уэ угуащэкъым, цIыхубз. Сэ сыпщщ, уэ ухэт? - санэплъым чэфынэ ищIам хуэдэу и напIэр хишащ TIэшуб.

Зэригугъам нэхърэ нэхъ бзаджэу, нэхъ цIыху Iейуэ кхьщIэкIат Шэтэнду. ГурыIуэгъуэт иджы TIэшуб зэщхьхъуари, щIалхуэмыгъэсари. И анэм и лъэр текIуауэ кхьщIэкIынут. Гуащэлей и щхьэр игъэкIэрахьуэри, зэанззэкъуэм ябидзыжьын имыIэу, кхьщIэкIыжащ.

Зэанззэкъуэр кхъзэхуэнащи:

- Иджы, си кхъуэ, Хьэтсилэ лъэныкъуэ егъэзэн хуейщ. Абы зыри хищIыкIыркъым Мывэтlалэ и унафэм. СызэригугъэмкIэ, ар зэран кхьытхуэзхъунукъым, хьэрэмагъ игу илъкъым абы. Чэнджэщэгъу ухуеймэ, къэралыгъуэм лIы Iущ куэд исщ, пэжу кхьыббгъэдэтыну хьэзыфIхуэу, - арэзыуэ пыгуфIыкIри, и кхъуэм хуеплъэкIащ Шэтэнду.

- Вындышнэ дзыхь хуэпщI хъуну? - и Iэр и щыбым щызэрдзэщ, и щхьэр бгъынж ищIри, и нэ ижуэу кхьеплъащ и анэм пщыр.

- Нобэр кхъыздэсым зэ кхъзэпщIыжакъым ар. ПщIэи щхьэи щыдимыIэм утыку дыкъринакъым, дяпэкIи кхытхуэпэжу кхьтхуэлэжьну сыщогугъ си щхьэкIэ.

- Си анэшым дзыхь яхуэзмыщIмэ, хэт хуэсщIын! Си адэшыр кхысхуеихэжьым. Ерэхъу, Вындэшынэ си дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу щрет, - Iэнэм тет кхъуэщыкIмкIэ Iэбащ пщыр, санэплъ кхъригъэхъуэну.

Гуащэлей ищIэрт уардэунэр ибгынэн зэрыхуейр, и тетыгъуэми, и псалъэми, и къаруми бжьыпэикIыгъуэ кхъызэрыхуэкIуар. Ауэ апхуэдэ дыдэу гуащIэу, напэтехыу кхыхущIидзын и гугъаксым кIэуыр. БлэкIар, кхыгъащIар и нэгу кхъщIигъэхьэжрэ, нетIэ напIэзыпIэ кхъщыхуэ пырхъуэ кIыхьышхуэм кхърикIуэжырт ар, и лъэр ильэфу, хуэм дыдэу.

- Сумирэ, тхьэгурымагъуэ фызыжьым кхыскуэзшэ, - жиIэри, и лэгъунэм щIыхьэжащ гуащэр.

ИкIэщIыпIэкIэ кхагъэса фызыжьым зимыгъэхьейуэ, и щхьэр ехьэхауэ пэшым и кум итт. Гуащэлей абы щыщынэрт, и щIыфэр тхытхыу. Арами, и гурбамПIэр зыхуиIуэтэн гуэр хуэныкъуэри, тхьэгурымагъуэм жриIэмэ нэхъ къищтащ.

- Ныжэбэ... Ныжэбэ пщIыхь шынагъуэ си гугъэ щIэкIащ, - кхыдришеящ ерагъыу гуащэм.

- Апхуэдэуи шынагъуэ зыхукъым ар, гуащэ. Уигъэшнащи ар аращ шынагъуэ кхыщIыпщIыхьр, - жиIащ тхьэгурымагъуэм, и щхьэр кхъызэримыIэтым хуэдэу.

- СщIэркъым. Си къарур зэи мыкIуэщIын си гугъэу сыкъэгъуэгурыкIуащ. Иджы си лъэр щIэхуащи, ал1ъандэрэ гу лъытэну сызыхуэмея гурыщхьуэхэр си ужь кхиубааэу, сыкхрахуэкI.

- ЖьIэт плъэгъуар, си гуащэ лъапIэ...

КъыкIэлъыкIуэ ильэсхэм къариубыдэу Мысырымрэ Хьэт къралыгъуэмрэ мызэ-мытIэу зауэ губгъуэм щызэрихьэлIащ. ЧэзучэзуркIэ текIуэныгъэр зэм Рамзес, зэми TIэшуб я Iэрыльхьэу зэбгъэдэкIыжьыри, хагъэщIам и дзэр кхъызэригъэпэщыжа нэужь, Къэдешым кIэлъыпхъэрыжу къекIуэкIырт гъащIэр. Апхуэдэу, иужьрей зауэм Рамзес иубыда Амырейрэ Къэдешрэ къытрахыжри, хьэтхэр зекIуэм кхыкIыжащ. Къызэрысыжуи пщыгъэхуэсыр зэхашащ, Вындэшынэ гъэрIпIэ исыху игъэхъамрэ Амырейм кхъщекIуэкIамрэ кхатIэщIыну хуейиу.

Пщыхьэхуэсыр щызэхашэ пэш нэхуиIуэуэ и жьантIэм дзт тахъэтэм пащтыхьыкIмрэ тажнанэмрэ ист, я бгъуитIым зауэлI зэщIэуэзэда зырыз кхъыщIу. Пщыр тэлайкIэ щысащ къекIуэлIахэр зэпиплъыхьу, кхъызэрыщIидзэнури жиIэнури кхъыхуэмыщIэ нэхъей. Тажнанэр абы хуеплъэкIри, кхапщIэ кхъдейуэ и ищIэр ищIащ, «щIэдзэ» жьхуиIэу.

- Дыззрыщымыгугъауэ зекIуэфI кхьдэхъулIащ мызыгъэгуэм. Си дэIэпыкъуэгъу, си чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм и щIынальэр щIыгъуу яубыдати, хуит кхэтщIыжащ. Афэрым! Арэзы сыкъэфщIащ. Ауэ, гу лъыфтаупэ кхыщIэкIынщ гухуэ-уэ гузрхэр зэрызыIэм, икIи Iуэхур зэхэдмыгъэкIыу хъунукъым, - и псалъэм кIащхьэ зригъэщIри, кхъекIуэлIахэм иджыри тэлайкIэ яхэпльащ.

- Амырейм я пщыр гъэрыпIэ исыху Рамзес кхъзэригъэгугъа псоми дыщщIыгъаззэкъым. СыткIэ тщIэрэ Вындэшынэ кхыдэмыпщIыжауэ, фирхэуынем гурымыIуауэ, Iуэху гуэрхэр зэдамыщIэу?! - тажнанэм пищащи зи бзэр зэрына пащтыхьым кхригъэжьам.

Пщыззхуэсым апхуэдэ псалъэмкъ утыку кхъщIралъхьэну зи гущхьэ къэмыкIа Вындэшынэ жиIэнэри зэрызищIынури имыщIэжурэ, и нитIыр кхьиуу зэщIэувыIыкIащ, зыри кхьхудэмышейуэ.

- Вындэшынэ! Мы зекIуэм и пэкIи екIуэкIа зауэм дыкъыщIыхьагъэщIар пщIэрэ? - щIопущIи пащтыхьыр.

- Зиусхьэн! Сэ... Сэ... - зыри кхыгурыIуэркъым лIы нэкIу фIыцIэ кхъабэбжьабэм.

- Пэжщ. Уэ? Уэращ зи ягъэр! Уэракъэ къэралым и ипщэ гъунапкъэхэм тетыр? Уэракъэ ди тIасхъэщIэхъэм я унафэ зыщIыр, зезыгъакIуэр?

- Сэращ, зиусхьэн, - и щхьэр ещI Вындэшынэ.

- АтIэ, Рамзес зауэм зэрызыхуигъэхъэзэрми кхъызэрежьами зыри хьымыщIыкIыу щхьэ кхытетуэ? - пщым и макъым зригъэIэтащ.

- Иужьрей зэманым тIасхъэщIэхъэм хъыбар кхысIэрагъэхьэжьртэкъыми, псори щым си гугъащ, зиусхьэн. КхъызэрыщIэкIикIи, си цIыхухэр зэрыщыту кхъахутэри, яубыдауэ арат. Хьэпсым ирадзэри, лей ирахьурэ ди тIасхъэпIэхэр кхърагъэIуэтащ...

- Дауэ мыхъуами, ди гъунапкъэ ипщэм и лэжьыгъэр хуэгъэзэщIакъым, дыкъагъэщIэхъуащ. Ар уэрат зи кхъэлэнэр, ипщэр зи унафэ щIэтыр уэрат. Сыт ипщэ жьыхуэсIэр, пщым уричэнджэщагъу нэхъыщхьэт, кхьалэнышхуэ кхьпхуагъэфэщати, упэлъэщащ. Дзыхь пхуэтщIати, дыкъэбгъэпэжакъым, - кхъгубжьащ Шэтэнду...

- Кхыджеlэт, Вындэшынэ, сыткIэ кхэптхъэщIьжьфырн уи напэр, уи щIыхьыр? - щIыпI и нитIыр абы триубыдащ.

- Сэ зэи сыкъэпIужажкъым, зиусхьэн, икIи сынопщIыжьыркъым. Мысырыдзэр ди гъунапкъэ кхьблэгъауэ кхъыщысщIэм, си гъунэгъу щIынальэхэм хьыбарегъащIэ сутIыпщащ; си унагъуэр зэщIэскъуэри, кхъалащхьэ кхъзгъэкIуащ, ауэ нобэр кхъыздэсым абыхэм я хьыбар сщIэркъым. Зиусхьэн, мы си щIыфэм дыркъуэу тепIыр ди хэкур схъужэ кхъзлэжьа фэбжьщ. Абы и нэхъыбэр гъэрпIэ ситыху кхъстралъхьащ. Мазэ бжьгъэкIэ хьэпсым сисащ, зиусхьэн, зэ зы псалъэ кхъзжьэдзыфакъым, - Iэпэлъапэсыс хьуат амырейр.

- Амырейр иубыдакIэт бийм. Уэ сыткIэ кхьипхуэнкIуэт ар, кхъзщIэж, - Хьэтсилэ и набдзэ лъэныкъуэр хэлъэтри, дэрдэнейм кхъыхуеплъэкIащ.

- Зиусхьэн! - зауэлI фащэ екIу щыгъыу зы щIалэ пэшым кхъыщIыхьэри, Хьэтсилэ гъунэгъу зыкхъыхуищащ.

Хьэтсилэ абы щыбгъэдыхьэм щэхуу зыгуэр кхъжриIэри, тIури зэрыщIэхащ.

- Сыту пIэрэ зыхуейр? - кIуэрыкIуэм тету щIоупщIэ Хьэтсилэ.

- СщIэркъым, зиусхьэн. МэлъаIуэ, кхыпхуэззэну, кхъопсэльэну хуейуэ жаIэ, - Хьэтсилэ и сэмэгурабгъумкIэ кхыщIыту макIуэ щIалэр, зиусхьэныи мащIэу зыкхъыкIэригъэхуу.

- Деплъынкхъэ... Къэрэгъулу щыт, - жиIэри, щIыныэм ехащ Хьэтсилэ.

* * *

ПщIыр и лэгъунэм, кхыззтемыувIыэу, кхъикIыкI-никIуэкIыу щIэтт. Ар щтат, кхъщиуду гъынущ жьпIэу зэщIэкIэзызэрт. Вындэшынэ зыгуэр кхыщхьэщыжьну, пщы унафэр кхъззрыуэдыну игугъатэкъым абы. Псоми зэхахьу Хьэтсилэ и напэр кхытрихауэ кхъщыхьурти, ирибамПIэрт. КхъищынэмыщIауэ, Вындэшынэ зыгуэр иIуэтэжынкIэ гузавэрт.

- КхъыIэ, кхъзэтеувыIи, етIысхI - и макъым зригъэIэту жиIащ гуащэм, и нэзэрыхъэр иIуэту здэщысым.

Шэтэнду апэм нэхърэ нэхъ дахэу зихуапэ хъуами, гъуаплъэ, домбеякъ нэхъыбэ кIэрыпIъми, унэIутымрэ кIэзэекъэмрэ и куэд хъуами, зэрыщIыкIейуэ кхънати, тажнанэ щIыхьым и напэр зэрытрихри наIуэт. ШыIэнигъи, гущIэгъуи, лъытэнигъи хэлъэткъым абы. Хьилагъэ зэфэззэщрэ бзаджагъэрэт зэанззэкъуэр тетыгъуэм кхыззэрышэсари, ар кхъыкъуащIкIэ шынэрт.

- Дауэ хуэзгъэгъну ар абы?! - мафIэм исым хуэдэу кхызэщIонат пщыр.

- Абыи хуэфащэр кхъыпъысынщ зэгуэр, умыгузавэ уэ! - и нэр хэпльэзыхьу, зыгуэр кхъзэригупсысар кхъапщIу мэIущащэ тажнанэр.

- ПщIэ кхъсхуащIыркъым сэ абыхэм. Я пщу сыкъалъытэркъым. Уэ пльэгъуакъым ар, зы унафэ самыгъэщIу, Хьэтсилэрэ адрей дзэпщхэмрэщ мысырыдзэр хэзыгъэщIар. Сэ шэтырым сыщIэсащ, сыкъыщIамыгъэкIыу!

- Шэтырым ущIыщIэсар уахъумэрти араш. КхъпщIыскхъэрт, зыгуэр кхъпщыщIынкIэ шынэу. Тхьэхэм уиъахъумащ, ауэ зыгуэр кхъпщыщIатэмэ, хэтыт тетыгъуэр кхъыхуэнэнур?! Уэ зыпхъу закъуэ уиIэу аращ, ари сабий цIынэу. Абы уегупсыса? КхъыздаIуэт, Тlэшуб, Рамзес уэращ текIуар, уэращ дзэр зауэм зышар, уи цIэраш тхыдэм кхъыхэнэжынур, - и къуэм телъэщIыхьурэ тригъэужьну хэтт гуащэшхуэр.

- Вындэшынэ укIын хуейщ! ДиIуэтэжынущ, ухуеймэ епIъ, диIуэтэжынущ, - аргуэру кхъыщIыльэтащ пащтыхьыр.

- TIэшуб, етIысэх, тIасэ! Жи-Iэнукъым зыри. Абы и унагъуэр дэ зэрыдгъэпщкIуар ещIэри, мышынэу зыми зыри жриIэфынукъым. Уэ езыр егупсыс, пэжщ Хьэтсилэ жиIар. Вындэшынэ и къуанашагъэр кхъыщIэдмыгъэщауэ и унафэ тщIымэ, цIыхуэхэм кхъыщIэбгъэнущ, зыкъаIэтынущ. Уэ зэыхуэлэжьэжыр цIыхуэращ, пащтыхьэ уэсымыпльагъымэ, пщыгъуэр пхузэкъуэжьну

● Цыкlухэм папщIэ

Iуащхьэ щыгум

Цыжьбанэр гъуэлъыжрэ пэт ныбжьэгъум и фий макъ къыз эхихащ. Ар къыщыщIэкIым къилъэгъуащ и ныбжьэгъур уафэм зэрыдэплъейр. Цыжьбанэр къызэрыщIэкIар зэхимыхауэ, абы и нэр уафэм етат.

- Сыт абы къыпхурыдзыхьну узыхуейр? - дэгушыIащ Цыжьбанэр ЩIыIубым.

- НакIуэ, Iуащхьэм дытегъэс, - жиIащ абы, Цыжьбанэм и упщIэр зыщхьэдигъэIухри.

Цыжьбанэми фIэфIт пщыхьэщхьэм хэплъэу, хэдэIухьу Iуащхьэм тесыни, «хьэУ» къыхигъэкIакъым. Ныбжьэгъум и ужь иту кIуэ Цыжьбанэм игъэщIагъэрт къандзэгу жьэхэмыуэу е мылъэпэрапэу ЩIыIубыр Iуащхьэм зэрыдэкIыр.

- Дыкъэсащ. Сыту пщыхьэщхьэ телъыджа?

- Хьэуа щIыIэтыIэр сыт и уасэ!

- Жэщ хьэпIацIэхэм я макъ зэпэджэжхэр-щэ!

- Пэжщ. Мо мазэгъуэр плъагъурэ?

- Сыт хуэдэ езы а мазэр?

Цыжьбанэр зэIынащ. «Плъагъурэ» жиIэн хуеякъым, иджы сыт щIегъуэжкIэ, и ныбжьэгъум и жагъуэ ищIащ.

- И зо, зэхэпхрэ? И гугъу къысхуэщIыт мазэм. Уэ зэрыплъагъуращ сызыхуейр.

Цыжьбанэм зыри жимыIэу ину щэтащ.

- ИIэ, хуэмыхуу. Уэ къызжомыIэм хэт къызжиIэн?

ЩIыIубым и псалъэхэм ар трагъэгушхуащ.

- Мазэр, пщIэрэ, ЩIыIуб цыкIу, хъуреягьэщ. Ныщхьэбэ уафэм пшэ телъкъымы, вагъуэзэри мазэри Iупщ1у болъагъу. Мы Iуащхьэм сытесу сыщеплъкIэ, вагъуэзэри мазэри нэхъ ину, нэхъ лыду къысщохуэ.

- Сэри мы Iуащхьэм сыщытесым деж мазэри вагъуэзэри слъагъуу къысщохуэ. Пшэ зытемыльъ жэщ уафэ къабзэм мазэр зигъэщIагъуэу вагъуэзэм тхъуэплъышхуэу къахощ. Абы къыпих нурым хьэуар ходжэгъухь. И ныбжьэгъу жыр къепщамэ, щIиупскIэнути, ныщхьэбэ абы тIэкIу хуэзэшу къысщохуэ. Уеблэмэ и пIэм икIыну хуэмейуэ зигъэжьажьэу уафэгъум зыщеIэжьэ, зыгуэрым пэплъэ нэхъей. ЩIылъэм тетхэр дызэреплъыр ещIэ, езыми зэрыизыр, и дахагъэр и напщIэ тельщи зегъэщIагъэ. Сытми аращ... НакIуэ.

Цыжьбанэм пидзыжьын имыгъуэту, мазэм хуеплъэкIыурэ, ЩIыIубым и ужь иувэжащ.

МЭЛЕЙ ФатIимэ.

● Гушы1эхэр

Сымэжалlэу щытами...

Дыгъужьымрэ тхъэкIымэкIыхьымрэ шхапIэм щIохьэ.

- Сыт фшхын? - къабгъэдохьэ пщафIэр.

- Пхъы,- жи тхъэкIымэкIыхьым.

- Уэ-щэ?- йоупщI пщафIэр дыгъужьым.

- Сэ сымэжалIэу щытамэ, мы тхъэкIымэкIыхьыр мыбдеж щысын уи гугъэрэ?!

Мамэ жиIащ

Хъуджэбз цIыкIум бидон иIыгъыу тыкуэным макIуэ.

- Сыт ухуей уэ цIыкIур?- жи тыкуэнтетым.

- Мамэ шатэ жиIащ...

- Дапщэ?

- Мамэ бидоным из жиIащ...

Тыкуэнтетым бидоныр къыIихри, шатэ изу ирикIауэ:

- И уасэр къызэт, - жи.

- Мамэ ахъшэр бидоным илъу жиIащ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Дапщэ уриуасэ?

Зи закъуэу псэу лIыжь Iуущ гуэрым и деж щIалэщIэ дыдэ къэкIуэри къыжриIащ:

- Си щхьэ кьосхьэлIэри сыкъэкIуэлIащ. Сыпсэуну сыхуейкъым, сигуэр си щхьэрэ зэбгъэжауэ дунейм сытетщ. Си зуреягъым сэ нэхъ хьерыншэ щымыIэу жаIэ, сынолъэIу, пхузэфIэкIыхьхэнумэ, къызэдэIэпыкъу.

ЛIыжьыр пыгуфIыкIыу щIалэщIэм хуеплъэкIри, мыпIащIэу жэуап иритащ:

- Къыскуэгъэгъу, ауэ иджыпсту сыхущIыхьэрэкъыми, сэбэн сыпхуэхъуфынукъым, Iуэху пIащIэгъуэ гуэр къыслъыкъуэкIащи, ар зэфIэзмыгъэкIаеу... Ауэ, арэзы ухъурэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэпщIэмэ, сэри сыбдэIэпыкъужынц.

- Си гуапэу, ди нэхъыжь, - жиIащ щIалэм.

- АтIэ мы Iэлъыныр схуэщ, си щIыхуэр ириспшыныжыну. Iэмал зэриIэкIэ нэхъ лъапIэу щэ, ауэ зы дыщэ ахъшэ нэхъ мащIэкIэ йомыт, - жиIэри унафэ быдэ хуищIащ.

ПIащIэу бззэрым кIуа щIалэм и Iуэхур тынштэкъым, абы лIыжьым кърита Iэлъыныр дапщэм иримыгъэлъэгъуами, езым хуигъэува уасэм арэзы техъуэн хьахэкIакъым, пэжщ, абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну Iэлъыныр зэпаплъыхьырт, ауэ жьгъей мащIэ гуэрт къратыну жьхуалэр. Я1ыныкъуэхэр щIалэм щыкIейуэ къыщыдыхьэшхыри ежьэжьырт, я1ыныкIуэхэр бззмы1ум хуэдэу кьеплъырт. Зы лIыжь закъуэщ къхэкIар а Iэлъыным дыщэ ахъшэ зэримыуасэр, нэхъыбэ дыдэу абы гъуапIэ е дыжьын ахъшэ фIэкIа зыми къызэрыримытынур къыжриIэну.

ЛIыжьым и псалъэхэр щIалэм щхьэжагъуэ щыхъуауэ, Iэлъыныр зейм хуихьыжри кIуэжащ.

- Ди нэхъыжь, уи унафэр схузгъэзэщIакъым,- жиIэри щIыхьэжащ ар тхьэмадэм и деж. - Нэхъыбэ дыдэу дыжьын ахъшэ зы-тIу фIэкIа къыщIатын ядакъым уи Iэлъыным, ауэ дыщэ ахъшэкIэ фIэкIа сымытыну къызэрызжепIар сщIэжырти, Iэлъыныр къыпхуэсхьажащ.

- Си щIалэ, уэ иджыпсту жыпIар губзыгъагъэщ, зыгуэр пщэн ипэ, абы и уасэр зэбгъэщIэн хуейкъэ? Ар дыщэкIым нэхърэ нэхъыбэ хэт зыхуэзэфIэкIынур? Ауэ, дапщэ къуитыну укъитэгугъэми, Iэлъыныр умыщэу къыскуэхьыж.

ЩIалэр шым шэсри, дыщэкIым деж кIуэну ежьащ. ЗыхуэкIуам Iэлъыныр куэдрэ игъэкIэрахъуэу зэпиплъыхьщ нэпсей-нэпсейуэ щIалэм къыхудэплъейри:

- Мыр къэзыгъэхьам зэман къызитмэ, дыщэ ахъшэ блыщIкIэ къэсщэхуну сыкьэзырщ.

- Бльщи? - зэхихар и фIэщ мыхъуу щIоупщIэ щIалэр. ЛIыжьым и псалъэхэм къыщытригъэзэжым, фIыщIэ хуещри къожьаж.

- Мыдэ къэтIыси къызэдаIуэ, - жеIэ ар къызыхуеблэгъажа лIыжьым, Iуэхур зытетыр къищIа иужь. - Мыр зэгъащIэ, си щIалэ, уэ мы Iэлъыным урещащ. УльапIэщ, узакъуэщ. Уи уасэр къызыхъэщIэнри цIыку нэсыр зищIысыр зыщIэрэщ, фIыращ фIыр зыхуэлъагъунур. АтIэ сыт уэ бззэрым утехьауэ ялэ къэсым уи уасэр кьебгъэхутэну ящ ущIитыр?..

А псалъэхэр зэхэзыха щIалэр арэзыуэ тхьэмадэм и деж къыщIэкIыжащ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Дисэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

«Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым хэт пщащэхэм загъэпсэху.
Сурэтыр **ЦIыпIынэ Аслъэн** *трихащ. 2010 гъэ, дыгъэгъаззм и 27*

● Шхыныгъуэхэр

Бжэныщэрэ шэ хуабэрэ

Адыгэхэм бжэныдыр бе-гъыумбар шхыну ябжырт, абы и фэри нэмэзлыкъ ящIу щытащ.

БЖЭНЫЩЭ гъэвжагъащIэр ныбышэм е бжэныщэм халъхьэри мафIэ цIыкIум трагъэувэ, зэIалащIэрэ дакъикъэ зытхухкIэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ къытрахыжри и хуабагъыр градус 30 - 35-рэ хъуху ягъэупщIыIу. Шэ хуабэр шха нэужь трафыхьыжу аращ. Мы хущхъуэгъуэр щызэрахьэлIэм и деж ерыскъы пщтырыщи щIыIэ дыди яшхыни ефэни хуейкъым. Мыр нэхъ зи хущхъуэгъуэу ябжыр зи бгъэм щIыIэ хыхьаехэмрэ жьэн уз зиIэхэмрэщ. Сымаджэм тэмэму зрихьэлIэмэ, мазитIмазищым хъужьи хуейщ.

Халъхьэхэр:

бжэныщэу е хывышэу - грамм 1000,

бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 200.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Чэнджэщхэр

ПIастэр мыупщIыIуу зэщIауфэркъым

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ щыгъуэлъэужкIэ бжьыныхуэ къикIыкIа хьэдзэ зы-тIу ягъэныщкIыри яхуэшэчыху жьэдагъэлъ, итIанэ къыжьэдадзыж. Абы и ужькIэ нэху щыху зыгуэр пшхыи, уефи, уи дзэр пльэщIыжи хъунукъым.

* * *

Ерыскъыр Iэпхъуамбэ зэхуакум дэлъу яшхыркъым, гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэри.

* * *

Къэрмэфиблыр (гвоздичное дерево) яущбз, жьэм жьэдакIутэри, ягъэныщкIу, ауэ ирагъэхыркъым. Ар дзэхьудэшхымкIэ, дзэ узымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу.

* * *

Шэрджэсхэм, абаззэхэм нэгэгъуэ нэхъыжь Iыхьэу Iэнэм тралъхьэркъым, абы цIыкур игъэпуду къалъытэри.

* * *

Джэдкъаз фIагъэжар щызэпкърахкIэ, Iэмал имыIэу джэдкъазыпщэм паупщIыж зы сантиметр хуэдиз. Ар пумыупщIу шыуаным ипльхьэмэ, унагъуэр псалъэмакъ хохуэ жаIэ.

* * *

Зи дзэл шхэуэ, узу хъуахэм ахъшэдзщ тIэкIу жьэдалъхьэрти жьэдагъэжьыхьырт, иужькIэ къызыжьэдадзыжырт. Апхуэдзэурэ ягъэхъужырт узыр.

* * *

Маитхъур мэкъуауэгъуэм и 15 пшIондэ щIахуэрауэ ябж икIи ар узыфэ куэдымкIэ сэбэпышхуэщ.

* * *

ПIастэ хуабэ убар зэщIэбуфэмэ е зэгуэр тупIэмэ ар уцIыныпщ, псыр къыщIэжу.

* * *

Джатэ Iэпщэ - ар тхъурыжь гъэжьащ. Апхуэдэу щIеджэр джатэ Iэпщэм ещхьщи араща.

* * *

Хывышэм и тхъу гъэвэжар зэлымыхьэу мазитI-щыкIэ щытщ, щIыIэпIэ ямыгъэувми.

КЪУБАТИЙ Борис.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 19-рщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** Бадзэ цIыкIу лъыиф. **6.** ... пэтрэ мэхъуапсэ. **8.** Куэд зи фэ дзэыгъэхуэф цIыху. **10.** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящIэ. **11.** Мыщэм а хьэкIэжхъуэкIэр фIэбэлацэщ. **12.** Хъарбыз ... е кхъуей ... **14.** УнафэщIым и Iуфэлъафэр къэзыжьыхь, абы и хьэр псафэ хуэзышэну къэзыр цIыху. **16.** Хьэцэпэцэ пыупщIа, ямы-Iуэжауэ. **20.** КъуийцIыкIу зэбзэдзжкIа домбеижь. **21.** Уи мыIуэу зелъхуэмэ, ар уи щхьэм къытехуэнкIэ мэхъу. **22.** Хъущт Аслъэнбэч алыдж - ... бзнэкIэмкIэ дунейпсо олимп зэхьэзэхуэм и чемпион хъуауэ щытащ илъэсипщI ипэкIэ. **27.** Адыгэ уэрэджыIаКIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **28.** Узынщагъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министр Хъубий ... **29.** Гъатхэм пасэу щIым къыхэж, Щоджэнцыкlу Алий и усэхэм щигъафIэ удз къащхъуафэ-шакъафэ гъэгъа цIыкIу. **30.** Шыуанышхуэ. **32.** Си ныбжьэгъум ... ищIри я унэм дригъэблэгъащ. **34.** Iуэ ихьэпIэм е хадэ ихьэпIэм Iуагъэувэу щытащ. **35.** НэкIум, щыфэм иIэ зэлъагъэ. **36.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.

Къехьу: **1.** Ди щIынальэм щежах псы. **2.** Iумылым игъэцIантхъуэу джэла лIыжьым ... игуэтащ. **4.** Тхьэгъэлэдж и ху нэдыр зыдыгъуу Сосрыкъуэ къызыфIихьыжа нартхэм я ныкъуэкъуэгъу. **5.** Уафэ лъащIэм щызеуэ «бжьэхуц» гуартэ. **7.** Ди къэралым и бюджетым кьихъуэ ахъшэр нэхъыбэу къызыпыкIыр газымрэ абырэ къыщIахьырц. **8.** Бжьахъуэ пщыIэ. **9.** ЩэкIIув пхъашэ. **13.** Армение къэралыгъуэм и Iэтащ-хьэ. **15.** Краснодар щIынальэм хиубыдэ кьалэ. **17.** КъардэнгъущI Зырамыку игъэщащIэ уэрэдыжь цIэрыIуэ. **18.** Дзыгъуэм и бий кIэуфIыщI, псэущхьэ дахэ цIыкIу. **19.** БгитI зэхуаку. **23.** Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ. **24.** Адыгэу минипщI бжыгъэхэр щыпсэу къэралым и щыхьэр. **25.** Бий шынагъуэм къуажэмкIэ къиунэтIауэ хъыбар къащыIэрыхьэм, цIыхухэм я хьэпи я шыпи зэщIакъуэри ... ихьэжащ. **26.** Пщым и IуэхутхьэбзащIэу къыздришэкI цIыху. **30.** Тутын иракIутэурэ абыкIэ ирефэу щытащ. **31.** Лъэс лъагъуэм ... къутахуэ телъщ. **33.** Дуней псом щикъухьа лъэпкъ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Хьэлу. **3.** Дау. **5.** Шэнт. **7.** Иризгъэкъунщ. **8.** Псым. **9.** Унэ. **10.** Къамэ. **13.** ХьэкIуэ. **14.** Ерыщ. **18.** Гуащэшхуэ. **20.** Ем. **21.** Ущ. **22.** Жармыкlэ. **27.** Мыгъуэ. **28.** Иныжь. **30.** Сытхъу. **32.** Гъуэгу. **33.** Бжей. **35.** Къэплъысынщ. **36.** Тебэ. **37.** Ужьэ. **38.** Хуабэ.

Къехьу: **1.** Хьэрып. **2.** Уэрам. **4.** Аргъынэ. **5.** Шынакъ. **6.** Тхыдэ. **11.** ИкIута. **12.** Урыху. **13.** Хьэ. **15.** Щэ. **16.** Нэгумэ. **17.** Кхъуей. **19.** Хъущт. **23.** Абгъуэ. **24.** КIанэ. **25.** Къум. **26.** Кхъужь. **29.** Шэдыбжь. **30.** Сэджыт. **31.** Хъурыфэ. **33.** Банэху. **34.** Йопхъуэ.

Тыжьей

АБАЗОКЪУЭ Къантемыр

Тыжь и щIыналъэр
Лъэр щIимыгъэхуу мэпсэу.
ГъащIэр чынт лъагъуэу,
Гъэхэу блэкIахэм къыхощ.
Псэр зыхьэхуахэм
Хуэму къысхуоIуэ я макъ.
КъэхъукъащIэ дыджхэм
Пкъым къытехуакъэ я щIопщ.
Лъэмб къимыгъанэу
ЩIэм ихъуэжащи дунейр,
Хабзэр пшагъуэбэм
Хьихьэри зыщIидыгъуащ.
Дыгъуу къухьахэм
Iыхьэ мыгуэшхэр къалъос.
Тхэсу къэпсэухэм
Лъахэ ди щIыпIэр хуэхъуащ.

Пкъыхэр пIыщIауэ
Жьэгу нуэжахэм пэрысщ...
Уэсыр къесамэ,
Дуней къутар я уэнжакъщ.
Я гуэншэрыкъхэм
Мыл кIэрищIахэр мэсыс —
Щысщ ди жьакIэхуэхэр
КъахунымыкIыжу я макъ.
Сэ си лъэпкъ уардэ,
Тыжьхэ я жьэгур щыIэж?
Тхыдэм итхами,
Ямытхыжахэр сэ сотх:
Щауэхэр къафэу
Жэщым и Iугъуэм къыхокI.
Къафэм джэдууэ
Тыжьхэ я макъ зэхъызох.

● Псалъэ пэжхэр

Гуэшакlуэ Iыхьэншэщ

♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхь.
♦ХьэщIэр бысымым и гъэрщ.
♦ХьэщIэр жэщищ исмэ, быным ящыщ мэхъуж.
♦Бажэм дыгъужьибл къеГъапцIэ.
♦Бжьэм фо здэщыIэр ещIэ.
♦Былымыр жьы зэрыхъур и фэщ.
♦Гуэным имылъмэ, Iэнэми тельхъым.
♦Жылэм дэлъмэ, уиIащ.
♦Жылэр щIэ, сщIэм уемыплъ.
♦ГуэшакIуэ Iыхьэншэщ.
♦Губзыгъэм и гуIэгъуэр делэм и гуфIэгъуэщ.
♦Къуажэ зиIэ нэф нэхърэ гухьу зыщIыф Iэшэ.
♦Гугъуэкъ зымылъэгъуам гъэзгуанэ хуэшэчыркъым.
♦Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж.
♦Зыщэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.
♦ЕсакIэ умыщIэмэ, IупщIа псымы уитхьэлэжьынщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаехэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекIуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жылаэс Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №602